

Otorizasyon Alekri pou Prè baze sou Salè yo

Fòm sa a se yon modèl yon patwon ka itilize pou jwenn otorizasyon alekri pou fè dediksyon pewòl pou yon prè baze sou salè yo bay yon anplwaye.

Yon **prè baze sou salè** se lajan patwon an bay anplwaye a dapre revni salè anplwaye a ap fè alavni. Yon prè baze sou salè pa kapab genyen enterè oswa frè oswa nenpòt ranbousman ki pa koresponn ak kondisyon Otorizasyon Alekri sou Prè Salè a.

Mwen _____ (Patwon) dakò pou m prete sou baz salè a _____ (Anplwaye) \$ _____ ki pral ranbouse atravè dediksyon salè, dapre kondisyon ki nan akò ekri sa a.

Montan prè salè a:	\$ _____	Limitasyon yo: Yon fwa yo bay yon prè baze sou salè, yo pa ka bay okenn lòt prè oswa dedwi jiskaske nenpòt prè ki te egziste deja yo ranbouse nèt. Dediksyon salè yo pa ka fèt plis pase yon fwa pou chak peryòd peman. Si travay anplwaye a fini anvan ranbousman konplè prè salè a dapre akò sa a, patwon an ka dedwi tout balans ki rete nan prè a ki poko peye a nan peman final salè anplwaye a. Avi pou anplwaye a: Ou ka konteste nenpòt dediksyon ki pa an akò ak kondisyon ki nan akò sa a. Tanpri li kondisyon yo epi bay siyati ou ki endike ke ou te li epi konprann kondisyon ki nan Pwosedi Dispit la.
Dat prè salè a:	___ / ___ / ___	
Kantite total yo dwe dedwi:	\$ _____	
Kantite chak dediksyon:	\$ _____	
Kantite total dediksyon yo:	\$ _____	
Dat chak dediksyon:	___ / ___ / ___ ___ / ___ / ___ ___ / ___ / ___ ___ / ___ / ___	

Metòd ranbousman: Dediksyon dirèk nan salè yo Separe tranzaksyon/peman

Enfòmasyon sou anplwaye:	
Non: _____	
Adrès: _____	
Vil: _____	Eta: _____ Kòd Postal: _____
Telefòn: (_____) _____ - _____ Imèl: _____	
Siyati: _____ Dat: ___ / ___ / ___	

Enfòmasyon sou Patwon:	
Non: _____	
Adrès: _____	
Vil: _____	Eta: _____ Kòd Postal: _____
Telefòn: (_____) _____ - _____ Imèl: _____	
Siyati: _____ Dat: ___ / ___ / ___	

Apèsi sou Pwosesis Dispit

Etap 1 - Anplwaye soumèt yon avi objeksyon alekri bay patwon an

Etap 2 - Patwon sispann dediksyon yo

Etap 3 - Patwon an bay anplwaye a yon repons alekri

Etap 4 - Reyinyon Patwon ak anplwaye pou rezoud konfli

Etap 5 - Avi detèminasyon final patwon an alekri

Kondisyon Pwosedi Dispit la

Objeksyon anplwaye a alekri - anplwaye a ka konteste nenpòt dediksyon ki pa an akò ak kondisyon ki nan akò sa a. Anplwaye a gen sèlman yon semèn pou soumèt objeksyon li alekri bay patwon an.

Fen dediksyon - patwon an pa gendwa fè okenn dediksyon pandan pwosesis dispit lan. Tou depan de rezilta a, patwon an ka pa kòmanse fè dediksyon yo jiska twa semèn apre li te bay anplwaye a detèminasyon final la

Repons alekri patwon an - patwon an dwe adrese enkyetid anplwaye a, alekri, nan yon semèn. Repons patwon an dwe eksplike si li dakò ak anplwaye a oswa si li pa dakò epi eksplike poukisa. Patwon an dwe envite anplwaye a, alekri, nan yon reyinyon rezolisyon nan yon semèn apre li bay travayè a yon repons alekri.

Reyinyon rezolisyon - patwon an ak anplwaye a ka diskite sou nenpòt pwoblèm ki rete nan yon reyinyon an pèsòn. Patwon an dwe adrese pwoblèm lan nan yon detèminasyon final alekri nan yon semèn apre dat reyinyon an.

Detèminasyon final patwon an - patwon an dwe konsidere tout enkyetid anplwaye a nan desizyon final alekri a. Patwon a dwe tann twa semèn pou kòmanse fè dediksyon, oswa li dwe remèt tout dediksyon bay anplwaye a pi vit posib oswa nan pwochen chèk salè a.

Mwen, _____ (Anplwaye,) te li, konprann epi dakò ak kondisyon ki nan pwosedi dispit la epi mwen konprann ke mwen ka konteste nenpòt dediksyon ki pa an akò ak kondisyon ki nan akò sa a.

Siyati: _____ Dat: ____ / ____ / _____